ГЬУДУЛЛЪИ РУЖБА

№ 29 (10102) БОЛЪИХЪ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА 24 Апрель 2020с/Рузман

К 75-летию Победы в Великой Отечественной войне

СОВИНФОРМБЮРО СООБЩАЕТ:

Средства на постройку колонны собирали жители Дагестанской АССР в 1942 г. Название она получила в честь Имама Шамиля.

Деньги на строительство этой колонны активно собирали и мусульманские религиозные деятели - например, муфтий Расулев перечислил 50 тыс. руб.

Председатель колхоза им. Дзержинского Левашинского район Дагестанской АССР Магомед Сидаев внес 201 тыс. руб. Председатель колхоза им. Коминтерна с. Филя Докузпаринского района Дагестанской АССР Наджмутдин Гаджикульев внес 103 тыс. руб.

Всего было собрано 10 млн. рублей, за что И. Сталин 05.10.1943 г. через газету «Дагестанская правда» поблагодарил жителей республики.

Танковая колонна имени Имама Шамиля была передана в 1-ю гв. ТА в конце 1943 г. (по другим данным в начале 1944 г.).

На одном из этих танков воевал Герой Советского Союза Юрий Григорьевич Священко (12.1920 - 19.01.1945) 1-я гв. танковая бригада.

ПОДАРКИ ОТ СУЛЕЙМАНА КЕРИМОВА

В преддверии 75-й годовщины Победы в Великой Отечественной войне и.о. Главы админитстрации Ботлихского района Руслан Гамзатов посетил ветеранов Великой Отечественной войны Патаха Нурмагомедова и Гитинамагомеда Джамалудинова из селения Тлох и вручил им денежные сертификаты на миллион рублей каждому. Об этом информагентству сообщили в пресс-службе районной администрации.

В составе делегации, поздравившей ветеранов, были представители райадминистрации, председатель райсовета имамов, общественники и депутат районного собрания.

Руслан Гамзатов поздравил ветеранов с наступающим праздником Великой Победы и вручил сертификаты на миллион рублей от сенатора Сулеймана Керимова.

Он также выразил благодарность за их подвиг, поинтересовался состоянием

здоровья, расспросил о проблемах и пожеланиях.

РИА «Дагестан»

ЩИБГО КІОЧОН ГЬЕЧІО ВА ЩИВГО КІОЧЕНАРО!

КІудияб ВатІанияб рагъулъ Советияб халкъалъ Бергьенлъи босаралдаса 75 сон тІубаялъул юбилей тІаде щвана нилъеде. Жакъа къоялда нилъеда гьоркьор бергьенлъи гІагар гьабурал кьалул бахІарзал хутІунго гьечІин абизе бегьула.

РакІалда руго гІемерисел рагъдаса бергьенлъигун тІад руссарал росуцоял, ракІалда руго школалда цІалулаго гьезулгун рукІарал дандечІваял, гьезул жив-живас рагъул кьогІлъиялъул ва тушманасде данде гьабураб къеркьеялъул рицунел рукІарал харбал.

Гьаниб дие бицине бокьун буго кІудияв инсул вац Лабазанов Лабазан МухІамагІалиевичас ВатІанияб рагъда тараб нухлул хІакъалъулъ.

Лабазан гьавуна 1915 соналъ Дагъистан губерниялъул Г1анди округалъул Гъодобери росулъ векьарухъанасул хъизаналда. Инсул биценалда рекъон, гьев вукІана гІакълу-лъай ва бажари камилав, росуцоязда гьоркьов къадру-къимат бугев гІолохъанчи. Лабазан гьитІинго хІалтІизе лъугьана росдал колхозалде ва хадув х1алт1ана росдал исполкомалъул секретарасул хъулухъалда.

1941 соналъ, ВатІанияб рагъде кІудиял вацал МухІамадгІалиги ХІажиги ун, рокъов хутІидал рагъдасан рачІунел пашманал харбаз г1олохъанчиясе рахІат толеб букІинчІо. Гьесул вас Шамилихъан ва Миноборонаялъул архивалдаса щварал баяназда рекъон, 1942 соналъул байбихьда Сталинград цІунулаго ккараб рагъда гІахьаллъи гьабун буго Лабазаница. Гьенибе тушманас рехун букІараб къуваталъул ва ккарал рагъазул бицине ккеларо, гІемерисезда гьеб лъала.

Живго Лабазаница гІемер бицунаан ва архивалъул баяназдаги батана гьес хъулухъ гьабулеб букІараб 163 кавалериялъул полкалъул Сталинградалъул рагъда тушманасулгун ккарал рагъул лъугьа-бахъиназул хІакъалъулъ. Гьедин, цо нухалда полкалъе кІудиял камиял ккола, ва хадув гьев рагъул гьудулзабигун цадахъ лъабабилеб Гвардиялъул дивизиялда гъорлъе унеб 179 Гвардиялъул г1арадачаг1азул полкалде гъорлъе вит1ула ва гьеб полкгун цадахъ Берлиналдеги щола.

Лабазанов Лабазан ВатІанияб рагъда рихьизарурал гьунаразе гІоло мустахІикълъун вуго «За боевые заслуги», «За отвагу» ва «За победу над Германией» медалазе, «БагІараб ЦІваялъул» орденалъе, «Отличный артиллерист» абураб цІаралъе ва Верховный Главнокомандующиясул чанго Баркалаялъе.Лабазан рагъдаса тІад вуссингун гІагараб Гъодобери росулъ советалъул секретарасул хъулухъалда хІалтІула, хадув гьев вук1ана Болъихъ Минзагалъул учёталъул заведующийлъун, РайФОялъул налогазул инспекторлъун ва РаПОялъул ревизионнияб комиссиялъул председательлъунги. РакІ бацІцІадго гьабураб хІалтІухъ гьев мустах1икълъула Х1урматиял грамотабазе ва г1арцулал сайигъатазе.

Хадув Лабазан хІалтІула Къизляр шагьаралъул ва Сухокумск поселакалъул батІи-батІиял идарабазда ва киве жив кканиги гьес ракІ бацІадго тІуралел рукІана тІадал ишал, вищун вук1ана Сухокумск посёлокалъул советалул депутатлъунги.

1970 соналъ гьев мустахІикълъана В.И.Ленин гьавуралдасан 100 сон тІубаялъул юбилеялъул медалалъеги, нухмалъулезул ва гІадамазул хІурматалъе ва баркалабазе.

МахІамад МахІамадгІалиев

ЭМЕН ТІАД ВУССАНА…

КІудияб ВатІанияб рагъ лъугІун ва КІудияб бергьенлъи босун исана тІубалеб буго 75 сон, амма гьанжеги къотІуларо беразулъ магІу ва кІочонаро ветераназда ва гьезул гІагарлъиялда рагъул кьогІлъи.

Гьаниб дие бицинзе бокьун буго гІажаибав инсанасул хІакъалъулъ. Гьев кколаан рагъул ва захІматалъул ветеран, бахІарчилъи ва ВатІаналде рокьи жиндир чорхолъ бессарав Шамсудинов ГІумархІажи.

Гьев гьавуна 1900 соналъ Болъихъ росулъ гьабигьанасул хъизаналда. ГІумархІажил ясал. Загьрал ва ПатІиматил ракІалде щвеял рехселин.

Загьраца бицана:

-Нижер эмен гьитІинал къоязда нахъе хІалтІана вехьлъун. КІудияб ВатІанияб рагъ байбихьараб мехалъ, гьев гІарзаги хъван, рагъде ана. Гьеб заманалъ боцІул тІалаб гьаби диде тІаде ккана. ГІемер къварилъи-гІазаб чІамуна нижер хъизаналъ рагъул заманалда. Дунги дир гьитІинал вацгун яц эмен вачІиналъухъ балагьун чІун рукІунаан, нижер божилъи букІана эмен кватІичІого рокъов тІад вуссинин ва кинабго лъикІ букІинин.

Нижер божилъи гІададисеб батичІо: эмен тІад вуссана.

ПатІиматил ракІалде щвей:

-Эмен лъукъун рокъове вачІана. Гьесул ругъун букІана мугъалдаса гъежалда щвезегІан, гьениса къватІир раккун рукІана гІисинал рукьби, эбелалъ гьел гъецІалъ цоцо ккун нахъе рахъулаан.

Рагъул хІакъалъулъ цІехараб мехалъ инсуца, бадиб магІуги хулун, рицунаан рагъда жиндирго ккарал лъугьа-бахъиназул хІакъалъулъ.

Гьес бицана:

- Тушбабигун къеркьезе ругьун гьаризе ниж командирас магІарде рачунаан. МегІералъул ахалъуда цо гьитІинабго лъар букІана, къечарал нижее рес букІичІо лъим гьекъезе, гьеб щаялиго, би гъорлъ жубараб куцалда, багІарлъун бихьулаан. Квешго къечон ниж рихьидал, командирас буюрун, нижее цІамул гІисинал пачкаби рикьана. Лъим ракІалде щвараб мехалъ, нижеца цІам дагь-дагь кІалдиб балаан. Гьедин ругьунлъана ниж къеч хІехьезе.

Нижер инсул рагъда вукІана цо вац гІадинав гьудул, цоцазе гьел цІакъ хириял рукІана, киса-кирего цадахъги рукІана гьел. Дида ракІалда буго: гьев чиясул чІужу гІемер нижехъе ячІунаан, жиндир рос нужер эмегун цадахъ вугин абун, гьесухъе кагъат хъвазе. Амма инсул гьудул рагъда чІвана. Инсуца гІодун бицунаан гьесул хвалил хІакъалъулъ...

Нижер эмен вукІана инвалид, амма гьелде балагьичІого, гьев гІумрудул ахиралде щвезегІан хІалтІана. Гьев хІалтІана бухьеналъул райузелалда, цинги чанго соналъ хІалтІана редакциялъул типографиялда, гьелдаса хадуб хІалтана колхозалда.

Эмен къадаралде щвана 2000 соналъ, нусго сониде вахараб гІужалъ. Инсул медалал гьанжеги нижехъ руго. Нижеца гьезул къимат гьабула ва эменги ракІалда вуго.

В память героев-земляков

По инициативе представителя Минприроды республики Лабазана Магомедова, в природном парке «Холодный родник» разбит «Сад Памяти», посвященный 75-летию Победы в Великой Отечественной войне.

В «Саду Памяти» Л. Магомедов высадил именные деревья в память о Героях Советского Союза и кавалерах боевых орденов, ушедших на войну из Ахвахского, Ботлихского и Цумадинского районов.

Так дерево боярышника кроваво-красного посажено в память Героя Советского Союза из сел. Карата Ахвахского района Магомедзагида Абдуламанапова. Барбарис узколистный посажен в память Героя Советского Союза из сел. Эчеда Цумадинского района Кади Абакарова. Дерево белой черешни посажено в память кавалера двух орденов «Красной звезды» из сел. Гагатли Ботлихского района Османа Аслуева. Дерево ореха грецкого посажено в память кавалера ордена «Славы» из сел. Ансалта Ботлихского района Магомеда Гамзатова. Дерево вишни обыкновенной посажено в память участника обороны Ленинграда из сел. Ансалта Ботлихского района Абдулмуталиба Раджабова.

Природный парк «Холодный родник» является излюбленным местом отдыха молодежи и гостей района и посетители с радостью будут вспоминать имена и подвиги героев-земляков.

Л. Магомедов,
ведущий специалист-эксперт отдела УГЭН.

БЕРГЬЕНЛЪИ ГIАГАР ГЬАБУРАЗУЛ ЦОЯВ

Къо букIана роцIараб, ракI букIана бацIцIадаб, кваранаб кверал берзул магIуги бацIцIунаго, «Гьав гIадинав чи къанагIат рукIуна», - ян байбихьана бицине Болъихъ росулъа ГIайшат ГIумаровалъ жиндирго инсул хIакъалъулъ.

- Дир Эмен вукIана хIалтIулъги, кIалъаялъулъги, хьвадачIвадиялъулъги гIодове виччарав, сабурав чи. ГIумрудул махщеллъунги гьес тIаса бищана мугIалимлъи.

Гьединан 1937 соналда эмен цIализе лъугьуна Буйнакскиялъул Аварпедучилищеялде. Амма къисматалъ батIияб «ц1али» хIадурун батана инсуеги гьевго г1адал нус-нус нилъер ракьцоязеги. Гьедин лъималазе тарбия-лъай кьезе къалмиде битIараб кверал гьез ярагъ борчине ккана. 1940 соналъ т1адаб рагъулаб борч борхизе арав инсуда солдатлъун вукIадго хьинтIана КIудияб ВатIанияб рагъ. ГIага-божараздагун росуцоязда, къо-мех лъикI гьабун, къвал базе щвечIого ккана гьев цIа боркьараб рагъул коронив.

Бицада рекъон, 1941 соналъул ахиралда гьев лъукъула ва сах гьавизе ккола Украинаялъул Мариуполь шагьаралъул рагъулаб госпиталалде. Сахлъигун, гьес хъулухъ гьабуна Каменск шагьаралда букIараб Северо-Кавказскияб фронталъул запасалда бугеб 18-абилеб гIарадачагIазул полкалда. Гьелдаса хадув эмен витIула Куйбышев шагьаралда букIараб НКО-411 рагъулаб часталде.

1942 соналъ инсуца хъулухъ гьабула Воронежалъулаб фронталъул 32-абилеб мото-стрелковияб бригадаялда.

1943 соналъ гьев лъукъула Борисоглебск шагьаралда аскIов ва гьенивго мустахIикълъула «Красная звезда» орденалъеги. 1944 соналъ эмен тIамула БакътIерхьул фронталъул 70-абилеб танказул дивизиялъул разведротаялъул отделениялъул командирлъун.

Заманалдасан гьев витIула Горький шагьаралда букIараб Рагъулаб тIадегIанаб училищеялде цIализе ва 1945 соналъул авалалда тIамула ТIоцебесеб Украиналъул фронталъул 56-абилеб Гвардиялъул танказул дивизиялъул взводалъул командирлъун.

Гьеб аскарияб гIуциялъул кьеразулъ эмен вагъула Польша, Чехословакия, Венгрия, Румыния, Австрия ва Германия эркен гьабиялъе ккарал рагъазулъ ва гьесул рагъулаб нух ахиралде щола гитлерилаб Германиялъул тахшагьар Берлиналда. БахIарчилъиялъухъ ва къохIеялъухъ эмен мустах1икълъула «За боевые заслуги», «За отвагу», «За освобождение Праги», «За победу над Германией» медалазе.

1946 соналъ, Гвардиялъул лейтенантасул чингун, эмен рагъдаса тIадвуссуна ва цIидасан байбихьула гIун бичIунеб г1елалъе тарбия-лъай кьеялъул ишалде.

Заманалдасан гьев тIамула Болъихъ райОНОялъул инспекторлъун, 1948 соналъ вачуна РК КПССалъул инструкторлъун ва гьебго соналъ витIула МахIачхъала шагьаралда букIараб Партийнияб школалде цIализе. 1951 соналъ вищула КПССалъул Болъихъ райкомалъул кIиабилев секретарьлъун.

1956-1981 соназда эмен хIалтIана Болъихъ росдал колхозалъул председательлъун ва мустахIикълъана «За трудовую доблесть» медалалъе ва кIицIул мустахIикълъана ДАССРалъул Верховный Советалъул Президиумалъул ХIурматалъул грамотабазе.

Кутакалдасан захIмат хирияв ва иш гIуцIцIизе лъалев чи вукIана дир эмен. Районалдаго тIоцебе гьес гIуцIцIана хассаб бригада. Инсуца колхозалъе нухмалъи гьабуна 25 соналъ. Гьев вукIана лъикIав ГIуцIарухъан, Нухмалъулев ва Насих1атчи.

1986 соналъул кIиабилеб февралалда абадиялъ къанщана инсуца берал. Гьес г1емер абулаан: «Дуцаго гьабураб лъикIлъи кIочене те, амма чияца гьабураб рекIелъги цIуне», - ян.

ГI. ГIАЙШАТ

САГИЕВ МАХIАЛДУДИНИЛ КЪИСМАТ

Бокьун буго унго-унгояв бахIарчиясул, КIудияб ВатIанияб рагъулъ гIахьаллъи гьабурав ва балъхъадерица мисалалъе рехсолев Сагиев МахIалдудинил хIакъалъулъ бицине.

Сагиев гьавуна гIадатияб векьарухъанасул хъизаналда 1911 соналъ Болъихъ росулъ. КIудияб ВатIанияб рагъ байбихьидал гьев вукIана хъизанги гьабурав, завалияв гIолохъанчи. Жинцаго гIарзаги хъван, Балъхъадерил гIолохъабазул тIоцебесеб кьерда МахIалдудин ана ВатIан фашистаздасан эркен гьабизе ниятгун. Росулъ гьес тана эбел-эмен, вац, яц ва росулъго берцинлъиялъул цIар арай хирияй лъади.

***

Балъхъадерил чIужугIадан, Эбел! Кинал рагIабаздалъунха загьир гьабилеб гьелъул рекIел унти, пашманлъи ва хьул?

***

Ахикь-хуриб бугеб хIалтIи течIо гьелъ,
Лъимал нахъ руссиндал, гьел рохизелъун.
БоцIи-минаялъул тIалаб гьабуна
ТIолабго гьезие цIунизе кколин.
Гьадинай йикIана мугIрузул гIадан
Лъийго бетIер къулун къо жиндир инчIей.
Жакъаги бицуна Балъхъадерица
Сагил Хадижатил гIумрудул мисал.

***

КватIичIого ана рагъде гьелъул гьитIинав вас Абусуратги. ГIадан гьечIеб бакIалда, гIалахалдеги ун, биччан гьаракьгун гIемер гIодана гьей. Рагъ лъугIизегIан гьей рах1аталда егичIо тIамураб бусада, кваналеб букIинчIо рухI борчIиялъе гIураб жо гурони квен. Гьелъул мурад букIана рагъ хехго лъугIи ва васал рокъор рещтIин. Аллагьасда гьардолаго ана гьелъул г1умруялъул халатаб щуго сон.

***

Сагиев МахIалдудин ккана Сталинградалъул фронталде. Гьев вукIана квегIаб квер хIалтIизабулев чи, гьабичIого жоги гьес толароан, амма гьев витIана стройбаталде. Гьениб гьес бихьизабуна жигарчилъи, хIалтIи гьабизе лъай. Командирзабазеги гьев рек1ее г1уна, гIемерисеб хIалтIиги гьесда гьикъун гьабулаан.

МахIалдудин тIувачIо кодоб ярагъ босичIогоги. Рагъул майданаздаги, окопаздаги гьес тана жиндирго лъалкI. Сагиев чанги нухалъ лъукъунги, контузить гьавунги, бохдул цIоронги вукIана. Сызрань шагьаралъул госпиталалда сах гьабулев вук1адго гьес рокъобе кагътида хъвана «отдыхалда» вугин ва жиндир ургъел гьабугеян.

Амма тохтурзабазул кумек щваралдаса нахъе, гьев гIедегIунев вукIана рагъде, жиндирго часталде, тIадчIун гьардолаан жив выписать гьавеян, жиндир бакI гьаниб гьечIин, доба рагъда, жиндирго вацлъи раг1изе гьарарал гIолохъабазда аскIоб бугилан. Сверухъ ругел гьесда тамашалъи гьабун ралагьулаан.

МахIалдудинида лъалан жиндир гьитIинав вац рагъде ун вукIин, амма лъалароан кив, кинаб фронталда гьев вугебали. Гьесда рак1алде кколаан, рагъда вугони, вац Абусуратги вихьизе рес батилин. Сагиевасда лъалароан 1942 соналъ, рагъде унеб эшелоналде бомбабиги щун, вац къадаралде щун вукIин.

МахIалдудин лъукъун вукIин рагIидал, гьесул яц ПатIимат уна Сызраналде, амма гьел дандчвалаго. Унтиги чорхолъ ккун, т1ад йисуна гьей рокъое. Гьеб унтуца хола гьей. ГIемер бицун лъала нилъеда вацазда хадур угьдулел яцазул рек1ел унти. Пат1иматил мисалалъги гьелъиего нуг1лъи гьабула.

1945 соналде щвезегIан вукIана Сагиев МахIалдудин рагъул майданазда. Гьесда гIемер къварилъи бихьана, гьудул-гьалмагъзабаздаса ватIалъана, амма гьес хьул тIагIуне биччач1о гIагараб ракьалда т1ад вуссиналъул рахъалъ.

Зах1малъиялда щвана Бергьенлъи. ГIорхъи гьечIеб роххелгун цо-цоккун тIад руссунел рукIана балъхъадерил гIолохъаби. Росуго бахъунаан гьелгун дандчIвазе, жидерго рагъде аразул цIехрех гьабизе. Амма гIемерисезда бихьичIо Бергьенлъи, гIемерал руссинчIо росулъе. Рохел букIана магIилъ берал хулараб: цо авалалда гIоди, цойгидалда рохел букIунаан. Иман чорхолъ бугел балъхъадерие Аллагьас сабру кьуна къварилъигун гIатIилъи цадахъ бачине.

РещтIана гIагараб ракьалда МахIалдудинги. Рокъоседа рохел бицине вачIана цо кьохъияв. Гьес бицана жал машинаялда цадахъ рукIанин, амма гьев «ГIачIабалда» рещтIанин абун. Гьенире щведал рокъосездаги росдал гIадамаздаги гьев ватана гIурул рагIалда, лъелълъе бохдулги риччан, пашманал пикрабазда. Балъхъадерица сверун ккведал, гьесул тIоцебесеб суал букIана вац Абусурат рагъдаса тIад вуссанищан. Гьесда бицана хIакъикъат. МахIалдудиница

захIматго хIухьел цIана, валагьана сверухъ ругезухъ зигара къабул гьабизелъун, ва гIурул лъималъ какие чурана ва бана аллагьасул х1укмуялда рази вук1ин загьир гьабураб как. Гьединаб букIана къвак1арав магIаруласул рокъове т1ад вуссин.

МахIалдудин вукIана кIалъай дагьав чи, бокьулароан гьесие рагъул бицинеги. РукIана гьесул медалалги цогидал шапакъаталги, гьезулги гьес тIалабго гьабичIо. Гьесие бокьулароан Бергьенлъиялъул тадбиразда гIахьаллъи гьабизе. Гьес абулаан: «Хьолбохъ вахъун чIчIезе вац гьечIеб мехалъ, щиб асарха дие гьабилеб рохалил тадбираз? ЛъугIараб жо лъугIун тей лъикIаб буго...

ГIуна Сагиевасул къуват, пенсиялде инегIан, колхозалда хIалтIизе. Гьев вукIана тIолгоязе мисалалъе лъолев, ракI бацIцIадав, рихьдае щибго жо гьабуларев, гIадамазул къварилъи бичIчIулев, кумекалъе хIадурав ва инсан хирияв чи.

Сагиев нилъедаса ватIалъана 1990 соналъул 10 июналъ. Гьев балъхъадерида кIоченаро, гьесул цIар жеги чIаго буго.

ГI. ГIУМАРОВА

ЖИЗНЬ И ТРУД СТАРШЕГО ПОКОЛЕНИЯ – ЭТО ЯРКИЙ ПРИМЕР ДЛЯ ПОДРАЖАНИЯ

…Война! Столько воспоминаний пропадают из Памяти старшего поколения, так и не узнав о них. Вся информация о Погибших и Пропавших без вести людях в годы Великой Отечественной Войны неизвестна. Многие ветераны рассказывали о войне, еле сдерживая слезы, а некоторые просто молчали, а это Молчание было самым громким Рассказом о войне.

Нам известны Имена ветеранов, вернувшихся с Войны, чуть-чуть известна их дальнейшая, послевоенная Жизнь. А вот, что известно о «Оставшихся на полях сражений» и Их вдовах и жёнах Ветеранов?

- Почти ничего.

И я решила посетить вдов, имена которых мне назвали на работе.

Я побывала в гостях у четырех бабушек - вдов Участников ВОВ: у Гаджиевой Патимат, Гереевой Хадижат, Бурагановой Тавус и Измаиловой Патимат. Понимаю, что им пришлось и приходится Пережить. Они многое увидали на своём Веку, ведь этим женщинам пришлось вынести самые страшные и трудные Времена - годы Великой Отечественной Войны. Всех четырех объединяют жестокие испытания: голод, холод и потеря близких им людей. Они из тех, кто работал, не жалея ни здоровья, ни жизнь и даже себя. Они из тех, кто работал, чтобы помочь Красной Армии победить врага, державший в ужасе почти весь Свет - гитлеровскую Германию.

Нам, современной молодежи, кажется, что все должно было быть так. Думаем, раз они сейчас так стары, то и тогда были такими же.

Но мы жестоко ошибаемся: в годы ВОВ им было лишь 15 - 17, или чуть больше лет. Согласитесь, им тогда было столько лет, сколько нам сейчас. Они не ели нормально, были плохо одеты, но работали в колхозе, рыли окопы, шили одежду, разносили почту. Пусть нас никогда не настигнет такая участь, пусть не будет войны.

Но, даже если настигнет такое испытание, то я уверена: мы, потомки великих, отважных и мужественных людей, тоже не дадим врагам одолеть себя и попортить Родину.

После окончания войны, многие Солдаты не вернулись с полей битв, а те, кто вернулся, в большинстве своем были ранены и покалечены войной.

Мужья Гаджиевой Патимат и Гереевой Хадижат, а также будущий муж Измаиловой Патимат вернулись домой с ранениями, но и с чувством Победителей. А муж Бурагановой Тавус с начала война и до её окончания обучал молодых солдат боевому искусству. Награды, ордена и медали, которыми были награждены мужья этих женщин, до сей поры хранятся бережно, как самое ценное. Как говорит Измаилова Патимат: "Смотря на награды мужа, я всегда начинаю плакать, я вспоминаю те времена и представляю образ своего мужа".

Я раньше думала, что в далёкие времена девушек выдавали замуж без их согласия, но каково было моё удивление, когда узнала как заключались браке в те, далекие ныне времена. Вот что поведала мне, улыбаясь сквозь слезы, Тавус Салиховна.

- Во время ВОВ я была телефонисткой на почте, и после окончания войны не бросила свою работу: трудилась в Агвали, потом в Чечне, а потом переехала в Ботлих. В один прекрасный день на почту зашел высокий и статный молодой человек - это был мой будущий муж. Мы друг другу понравились. И, когда он попросил моей руки, я согласилась, и меня выдали за него замуж".

После окончания войны, как рассказала Гереева Хадижат, она, как и почти всё население села и района, продолжила работать в колхозе, чтоб укрепить экономику родного села. То есть, получается, что и после окончания войны люди не видели отдыха, хотя, конечно, завершение войны придавало им уверенность в своих силах, огромную радость, что враг повержен. И они не опускали руки и работали усердно. Вот настоящие патриоты страны!

Очень печально видеть и слышать сегодня, как многие люди говорят плохо о своей стране. "Времена плохие" или "Не те времена" скажите вы, но это всего лишь оговорки.

Да, времена изменились, но по сравнению с временем, в которой прошла молодость наших бабушек, с уверенностью могу сказать: наше время во всех отношениях гораздо лучше. Хотя есть и свои минусы: безработица, так как многие остались без работы, высокие цены на продукты питания и товары первой необходимости, а на услуги цены слишком завышены, развита коррупция. Но я убеждена: это не повод разочаровываться и не любить свою страну. Наши предки сохранили нам свободу и независимость Родины, так же и мы, по примеру старшего поколения, должны настойчиво учиться и работать во имя лучшей жизни для будущих наших детей и внуков.

К, сожалению, я не знала о том, что в моём родном селе проживают вдовы Участников Великой Отечественной Войны, тем более они оказались почти соседями. Мне стыдно: куда мы смотрим, о чем думаем?

"Война закончилась давно, мы сделали все, что зависело от нас, мы выиграли, жизнь изменилась в лучшую сторону. Но, кому мы сейчас нужны, мы стары и уже не можем ничем вам помочь. Ты не представляешь, дочка, как мы ждем Девятое мая! Ведь именно в этот День о нас вспоминают, и посещают", - сказали Они. Хочется верить, что все обстоит не так плохо.

Хочу пожелать бабушкам- моим собеседницам, Здоровья, Радости и еще Долгих лет жизни, а нам, молодому поколению и в первую очередь чиновникам, не забывать боевые Подвиги ветеранов Той Войны и Доблестный труд их жизненных подруг. Ведь им нужна такая Малость, как Внимание и Забота.

Мадина Магомедова.



Оформление материнского капитала стало автоматическим

Теперь родители не должны подавать заявление на выдачу сертификата, потому что сертификат на материнский капитал стал первой социальной государственной услугой в России, которая предоставляется гражданам автоматически – напоминают в Пенсионном фонде Дагестана. С 15 апреля он автоматически будет оформляться после рождения ребенка, теперь родители не должны подавать заявление на выдачу сертификата. После рождения ребенка в Пенсионный фонд России (ПФР) будут поступать сведения из Единого реестра записей актов гражданского состояния (ЗАГС), в которых уже содержатся все необходимые сведения о ребенке и его родителях. ПФР проверит, есть ли какие-либо ограничения, препятствующие выдаче сертификата. Если таких ограничений нет, то документ будет оформлен, информация о нем будет направлена владельцу сертификата. Если мать зарегистрирована на портале госуслуг, то по факту выдачи сертификата ей придет соответствующее уведомление в личном кабинете, а также на тот контактный номер, который указан на портале, пояснили в Минтруде. Если в Едином реестре ЗАГС нет информации о рождении ребенка или родитель не зарегистрирован на портале госуслуг, то у матери останется возможность подать заявление лично в Отделение ПФР по РД или в МФЦ. Кроме того, сроки выдачи сертификата сокращены с 15 до пяти дней, а сроки рассмотрения заявлений на получение материнского капитала - с одного месяца до 10 рабочих дней. О программе материнского капитала По действующему законодательству, средства материнского капитала можно направить на улучшение жилищных условий, формирование будущей пенсии матери, обучение детей, приобретение товаров и услуг для социальной адаптации и интеграции в общество детей-инвалидов. Также с 2018 года семьи с низкими доходами, в которых родился или усыновлен второй ребенок, могут оформить ежемесячную выплату из средств материнского капитала или направить средства на оплату ясельных групп в детских садах. Государственная программа поддержки семей с детьми за счет материнского капитала действует в России с 2007 года. До 2016 года материнский капитал ежегодно индексировался на уровень инфляции. Однако затем индексация была приостановлена и возобновлена только с 2020 года. В ходе послания Федеральному собранию президент РФ предложил продлить программу материнского капитала как минимум до конца 2026 года и выдавать сертификат уже при рождении первого ребенка в объеме 466 тыс. рублей. Размер этой выплаты для семей с двумя детьми будет увеличен на 150 тыс. рублей, до более 616 тыс. рублей.

Райадминистрациялъул хIалтIухъабаз ва депутатазул Собраниялъ, гъваридаб пашманлъиялда зигара балеб буго Болъихъ рохьил магIишаталъул нухмалъулев **АхIмад Султанович Чупалаев** Аллагьасул къадаралде щвеялда бан эбел Жамилатида, хъизан-лъималазда ва тIолабго гIагарлъиялда. Аллагьас гьев алжан насиб гьабуравлъун ватаги.

ГIудуллъи газета гIуцIарал

«Болъихъ район» муниципалияб районалъул администрация

Учредитель

Администрация МР «Ботлихский район»

Эл. адрес: druzhba555@mail.ru **Сайт:** druzhbabotlih.ru

Редакторасул бакIалда:

М-Р. ГъазимухIамадов

Отделалъул редактор:

ГI. ГъазимухIамадов

Мухбирзаби:

ГI.МухIамадова

М. МухIамадова

Наборщица

П. Эльдарова

Дизайнер

С. Камилова

Корректор:

П.МухIамадова

Фотокорреспондент

К. Камилов

Управление Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массо- вых коммуникаций по Республике Дагестан. 3I мая 20I7 года.

ПИ № ТУ 05 - 0038I

Редакциялъул кидаго гуреб макъалабазул авторазулгун пикраби данде кколел.

Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул ва баяназул жаваб кьола гьезул авторазъ.

Индекс: 368971. Адрес: ДР, Болъихъ районалъул Болъихъ росу, Централияб къватI, 5

Газета биччана редакциялъул компьютеразул цехалда, кьабуна ООО «Лотос» типографиялда.

Адрес: 3670I8, МахIачхъала, Петр-I-ясул къватI, 6I

Тираж -550

Индекс-5I349

Заказ № _____